

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Omongan antara dua jalma atawa leuwih kaasup kana kagiatan komunikasi. Kagiatan komunikasi tangtuna mikabutuh alat nyaéta basa anu boga fungsi pikeun nepikeun kahayang, ngaéksprésikeun rasa jeung émosi, sarta eusi pikiran. Hal ieu luyu jeung nu ditétélakeun ku Sudaryat (2020, kc. 9) yén fungsi utama tina basa nyaéta fungsi komunikatif atawa fungsi pragmatik, nyebutkeun yén fungsi komunikatif téh bisa ogé disebut pragmatik nyaéta fungsi anu matalikeun ngeunaan harmonis henteuna komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa (Leech, 1983, kc. 6).

Pesen-pesen nu rék ditepikeun dina proses komunikasi téh ditepikeun ngaliwatan media verbal (lisan) jeung nonverbal (tinulis). Média verbal (lisan) biasa dipaké dina paguneman sapopoé, biantara, bewara, jeung sajabana. Ari media nonverbal (tinulis) ébréh dina koran, buku, majalah, novél, jeung karya sastra dina wangun tulis liana. Ayana proses komunikasi nu ngalibetkeun hubungan timbal balik antara panyatur jeung pamiarsa disebut konvérsasi. Nurutkeun Canale (dina Wiratno 2010, kc. 119) konvérsasi teu ngan ukur kagiatan komunikasi pikeun nepikeun informasi, konvérsasi mangrupa proses tuturan pikeun ngawangun pangalaman, norma, ajén jeung pangharepan. Konvérsasi minangka unit pangjembarna dina interaksi basa nu boga adegan nu tangtu anu ngawengku pola, kaéda, jeung prinsip nu tangtu (Sudaryat, 2014, kc. 126). Salasahiji masalah anu dibalukarkeun ku kagiatan konvérsasi téh nyaéta pasalia paham antara panyatur jeung pamiarsa. Hal éta disababkeun lantaran konvérsasi mangrupa kagiatan nu hésé sabab antara panyatur jeung pamiarsa kudu niténan sababaraha hal penting diantarana nyaéta waktu giliran nyarita (*turn talking*), penggelan pasangan paguneman (*adjacency pairs*), muka paguneman (*opening conversation*) sarta mungkas paguneman (*closing conversation*) (Martyawati, 2017, kc. 9). Konvérsasi dina basa Sunda bisa dina komunikasi lisan ogé dina komunikasi tulisan, bisa dina karya sastra bisa dina karya non sastra.

Minangka salasahiji tempat dipakéna basa, karya sastra dina wangun tinulis ogé mangrupa salasahiji media pikeun nepikeun informasi. Salasahiji conto karya sastra dina wangun tinulis nyaéta carita pondok saperti kumpulan carpon *Nadran*. Minangka contona dina sababaraha dialog nu aya dina kumpulan carpon *Nadran*, kapanggih aya omongan nu

nétélakeun yén paguneman mangaruhun kana harti paguneman. Conto cutatan paguneman dina carpon 1:

“Di Padahérang eureun heula, Mo, nyampeur pingping!” ceuk Atang ka Supir
“Hah....? Nyampeur naon? Baruk nyampeur pingping?” cék kuring curinghak, “kutan boga tutundaan nu kitu!”

“Ari kitu...? Cék si Atang ngaringeuh.

“Ing geus beuki nu kitu...?”

“Na silaing teu beuki kitu...?”

“Palias déwék mah!” ceuk kuring bari ngalieus.

Si Atang jeung batur-baturna calecengiran waé gawéna.

Srog ka Padahérang. Reg hareupeun réstoran di deukeut halteu.

(Ahmad Bakri, 2015, kc.8)

Dumasar kana conto cutatan paguneman di luhur, katitén yén maksud omongan panyatur (Atang) can nepi ka nu ngaregepkeun (Kuring). Lantaran ayana pasalia paham ku sabab pamahaman topik konvérsasi nu bédha. Pikeun ngungkuluan ieu masalah, dina ieu panalungtikan dipaké ulikan pragmatik pikeun maluruh adegan konvérsasi dina Kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Ku kituna, tujuan ieu panalungtikan téh pikeun medar adegan konvérsasi nu patali jeung pola konvérsasi, kaédah konvérsasi (wanda topik), jeung prinsip konvérsasi nyaéta prinsip gawé bareng anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Anapon tiori adegan konvérsasi ngagunakeun tiori Sudaryat. Alesan dipilihna kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri téh ku lantaran dina kumpulan carpon réa kapanggih konvérsasi salian ti éta kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri kungsi meunang penghargaan Sastra Rancage dina taun 2016. Disawang tina eusina, kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

Panalungtikan ngeunaan adegan konvérsasi téh kungsi aya saméméhna, di antarana waé (1) “Adegan Konvérsasi dina Naskah Drama Jeblog Karya Nazaruddin Azhar (Ulikan Pragmatik)” (Via Restu Oktaviani, 2019) (2) “Prinsip Konvérsasi jeung Wujud Pragmatis Kalimah dina Naskah Drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” Karya Ayi G. Sasmita (Ulikan Pragmatik)” (Ade Sartika, 2022), jeung (3) “Struktur Konversasi Wacana Debat dalam Indonesia Lawyers Club” (Dewi Puspa Arum, 2015).

Dina panalungtikan Oktaviani (2019) nu judulna “Adegan Konvérsasi dina Naskah Drama Jeblog Karya Nazaruddin Azhar (Ulikan Pragmatik)” ditétélakeun yén adegan konvérsasi téh ngawengku pola konvérsasi, kaédah konvérsasi, jeung prinsip konvérsasi anu dumasar kana tiori Sudaryat sedengkeun panalungtikan Arum (2015) nu judulna “Struktur Konversasi Wacana Debat dalam Indonesia Lawyers Club” nétélakeun yén

struktur atawa adegan konvérnsasi téh ngawengku jeda, *overlap* (tumpang wicara), jeung *turn talking* (gilir wicara) dumasar kana tiori Harvey Sacks, Gail Jefferson, jeung Emanuel Schegloff.

Panalungtikan di luhur boga sasaran jeung ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan adegan konvérnsasi, bédana jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta dina fokus panalungtikan jeung sumber data anu ditalungtikna. Fokus ulikanna nyaéta ngeunaan adegan konvérnsasi dumasar kana tiori Sudaryat nu ngawengku pola, kaédahe jeung prinsip konvérnsasi sedengkeun dina panalungtikan nu kungsi aya nyaéta dina panalungtikan nu ngeunaan Adegan Konvérnsasi dina Naskah Drama Jeblog Karya Nazaruddin Azhar (Ulikan Pragmatik) mah leuwih nyindekel kana pola konvérnsasi, dominasi palaku konvérnsasi jeung patalina subjejer dina adegan paguneman sarta dina panalungtikan ngeunaan Prinsip Konvérnsasi jeung Wujud Pragmatis Kalimah dina Naskah Drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” Karya Ayi G. Sasmita (Ulikan Pragmatik) mah leuwih nyindekel kana salahijji bagéan tina adegan konvérnsasi nyaéta kana prinsip konvérnsasina hungkul. Anapon sumber nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan nu judulna “Adegan Konvérnsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri (Ulikan Pragmatik)” perlu jeung penting dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang nu dipedar di luhur, aya sababaraha masalah nu bisa diidéntifikasi, diantarana waé nya éta:

- a. paguneman antar tokoh dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri ngawengku paguneman nu boga pola konvérnsasi nu béda-béda,
- b. paguneman antar tokoh dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri mibanda rupa-rupa wanda topik anu kaasup kana kaédahe konvérnsasi sarta mangaruhan kana ma’na nu rék ditepikeun nu ngabalukarkeun salah tafsir lantaran kurangna pamahaman omongan pamiarsa kana omongan panyatur; jeung
- c. paguneman antar tokoh dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri mibanda prinsip konvérnsasi nyaéta prinsip gawé bareng anu kabagi deui jadi sababaraha maksim-maksim.

1.2.2 Rumusan Masalah

Tina idéntifikasi masalah di luhur, sangkan masalahna jelas, ieu panalungtikan diwatesanan ku museur jeung medar ngeunaan pola konvérsasi, wanda topik konvérsasi jeung prinsip gawé bareng. Saluyu jeung watesan masalah nu geus dipedar, ieu di handap dirumuskeun masalah-masalah nu ditalungtik.

- a. Kumaha pola konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri?
- b. Wanda topik konvérsasi naon waé nu aya dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri?
- c. Prinsip gawé bareng naon waé nu aya dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan mibanda sababaraha tujuan. Éta tujuan-tujuan téh kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Luyu jeung watesan panalungtikan sarta rumusan masalah, ieu di handap dijéntrékeun tujuan umum sarta tujuan husus panalungtikan.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun adegan konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Salian ti éta, pikeun nambahán référénsi tiori nu maluruh jeung medar sacara pragmatik ngeunaan adegan konvérsasi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, tilu hal nyaéta;

- a. Pola konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri;
- b. Wanda topik konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri; jeung
- c. Prinsip gawé bareng dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsikeun adegan konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Sacara umum, ieu panalungtikan boga mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep mampuh nambah tur ngajembaran pangaweruh ngeunaan adegan nu aya dina konvérnsasi, katut pola konvérnsasi, wanda topik konvérnsasi, sarta prinsip gawé bareng.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis nu dipedar di luhur, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré mangpaat sacara praktis pikeun panalungtik jeung nu maca. Ieu di handap wincikan mangpaat tina ieu panalungtikan.

- a. Pikeun panalungtik, dipiharep hasil panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu pragmatik hususna dina adegan konvérnsasi. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré kontribusi jeung référénsi minangka data rujukan pikeun panalungtikan kahareupna.
- b. Pikeun dosén, dipiharep hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan tinimbangan ngeunaan bahan bacaan nu patali jeung tiori kabasaan utamana dina ulikan pragmatik.
- c. Pikeun mahasiswa, dipiharep hasil panalungtikan bisa méré pangdeudeul dina mata kuliah nu aya patalina jeung widang kabasaan hususna ulikan pragmatik, sarta référénsi pikeun mata kuliah séjénna nu aya patalina jeung panalungtikan ilmiah.
- d. Pikeun masarakat, dipiharep hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangawaeruh tina ajén-ajén sosial jeung moral nu nyampak ngaliwatan téks paguneman nu aya dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nyaéta Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori, Bab III Métode Panalungtikan, Bab IV Hasil jeung Pedaran, jeung Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.

Dina Bab I Bubuka, dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus sedengkeun dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat praktis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori nu patali jeung konvérnsasi, adegan konvérnsasi, pola konvérnsasi, wanda topik konvérnsasi, jeung prinsip konvérnsasi, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusiana ngadéskripsikeun jeung nganalisis adegan konvérsasi nu ngawengku pola konvérsasi, wanda topik konvérsasi, jeung prinsip gawé bareng dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri.

Bab V Kacindekaan, Implikasi, jeung Rékoméndasi anu eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi pikeun pangajaran jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.